



***Masak nan Site Solèy: istwa trajik fanm ak tifi ki viktim
kadejak***

16 out 2021

1. Gwo bonè nan maten 7 jiyè 2022 a, yon lòt gè pete nan Site solèy nan mitan gang G-9 an fanmi e alye ki gen nan tèt li chef gang Jimmy Cherizier alias Barbecue ak G-pèp ki gen nan tèt li chèf gang Gabriel Jean Pierre alias Tigabriel/ Gabo. Pandan masak sila a, anpil move zak fèt tankou anpil kadejak ki fèt sou yon pakèt fanm ak tifi.
2. Rapò sila a mete aksan sou fanm ak tifi ki viktim kadejak. Rapò sila fèt nan lide pou denonse tout move zak yo epi mete enfòmasyon yo disponib pou otorite nan lapolis jidisyè yo ak otorite nan lajistis.
3. Soti 7 pou rive 17 jiyè 2022, G-9 an fanmi e alye atake katye Nan Brooklyn ki se fyèf tigabriel nan objektif pou pran kontwòl katye sa menm jan yo deja gen kontwòl Belekou ki gen nan tèt li chef gang Iscard Andrice ak Nan Boston ki gen nan tèt li chef gang Mathias Saintil.
4. Depi nan koumansman gè a, popilasyon an te denonse plizyè bako lodè CNE ki te nan men bandi G-9 an fanmi e alye pou fè pasaj pou rive jis nan fyèf Tigabriel. Poutan, Dawin Laplante ki se responsab sèvis lojistik nan CNE fè konnen se vòlè bandi G-9 yo vòlè materyèl yo. Dayè yo pat menm ka kondi yo, yo te blije fòse Daniel Joseph, ki se yon operatè lodè nan CNE, pou kondi lodè a pou ale pran kadav sòlda Mathias Saintil yo. Apre sa, Tyson Samedi oubyen Tyson Jordan ta pral fòse menm operatè sa retounen pou al kraze kay pou pran sòlda pa l yo. Pandan li sou lodè a, Daniel Joseph resevwa plizyè katouch epi li mouri.
5. Jiskaprezan, RNDDH kontinye ap resevwa enfòmasyon sou move zak sitwayen yo ap sibi chak jou. Yon pati nan bilan ki disponib yo vrèman lou epi yo bay kè sere:
 - Gen plis pase 300 moun ki mouri asasinè. Pifò nan kadav yo boule. RNDDH pale ak 248 fanmi oubyen pwòch moun mouri yo;
 - Pou pi piti gen 22 moun ki blese ak katouch ouswa ak kouto/manchèt;
 - Gen 52 fanm ak tifi pou pi piti ki viktim kadejak;
 - Pou pi piti gen 210 kay ki kraze ak bako lodè CNE ouswa ki boule.

6. Yon lot fwa ankò, pèsòn pat epanye nan gè sa ki sot fèt nan site solèy la soti 7 pou rive 17 jiyè 2022 a. Bandi yo touye pifò gason yo jwenn sou wout yo, kanta fanm ak tifi yo menm yo fè kadejak sou yo, bat yo epi joure yo.

7. Daprè temwayaj 52 fanm ak tifi ki viktim kadejak yo, RNDDH rive jwenn:

- Yon tifi ki gen 14 lane;
- 12 viktim ki gen 18 lane pou rive 25 lane ;
- 38 viktim ki gen 26 pou rive nan 49 lane ;
- Yon viktim ki gen 55 lane.

8. Anplis, gen 20 nan viktim yo ki sibi kadejak devan pitit yo, gen youn ki viktim kadejak devan paran li epi gen 2 ki viktim devan mari yo. 6 nan viktim kadejak yo asiste lanmò mari yo epi gen 4 lòt viktim ki sibi kadejak malgre yo gwovant. 14 nan yo viktim nan yon zòn ki rele Dèyè mi.

9. Pa gen youn nan kadejakè yo ki te mete kapòt. Sou bò pa yo, anpil nan viktim yo pat ale lopital nan delè 3 jou medsen yo rekòmande pou swivi medikal yo, akoz yo pa t ka deplase pandan tire yo, gen nan yo kadejakè yo te kenbe pandan plizyè jou, gen lòt ki pa konnen sa pou yo fè lè yo viktim kadejak epi gen lòt tou ki pè.

10. Nan 16 masak ak atak gang ki fèt nan peyi a soti 2018 pou rive 2022, RNDDH jwenn anpil zak kadejak ki fèt. Men pou masak sa, kantite viktim vyòl yo ogmante ak yon gwo vitès. Sou pwèn sa, RNDDH ap raple te gen yon dekrè ki te pran sou vyòl ki kondane tout kadejakè soti 10 zan jiska lenfini. Soti 2006 pou rive 2019, anpil efò te fèt pou pini kadejakè yo. Men depi 2019, pwosè sou krim seksyèl yo prèske pa fèt ankò.

11. Anplis, RNDDH ap kontinye denonse aksè gwoup gang *G-9 an fanmi e alye* genyen pou yo jwenn materyèl ak ekipman leta yo. RNDDH kondane yon fwa ankò zotobre nan leta ki fèmen je yo sou tout masak ki fèt nan katye defavorize yo. Yo pa janm fè anyen pou mete fren nan masak yo, epi viktim yo pa janm jwenn ankenn asistans. Sa ki pi rèd la, bandi yo vin pi pisan, pi awogan akoz yo pwòch dirijan ki nan pouvwa a.

12. Nan sans sa, RNDDH mande pou zotobre nan leta yo bay asistans medikal ak sikolojik pou tout viktim vyòl yo ak pwòch yo epi rapouswiv ak pini tout moun ki gen men yo tranpe nan vyòl ki fèt sou fanm ak tifi nan Site Solèy.